



Pou Piblikasyon Imedya: 07/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIBVANSYON ADISYONÈL DISPONIB POU PLIZYÈ MILYE MOUN NEW YORK KI AP KONFRONTE KRIZ CHOFAJ

Yo Jwenn Yon Lòt 14.4 Milyon Dola nan kad Asistans Federal HEAP Pou Ede Moun New York Entanperize Kay Yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a sibvansyon adisyonèl disponib pou ede moun New York ki elijib chofe kay yo apre tanperati ki ba anpil pandan ivè sa a. Fanmi ki an danje pou manke kabiran chofaj oubyen yo ka koupe sèvis piblik yo, moun sa yo pral ka aplike pou yon dezyèm benefis ijans atravè Pwogram Asistans Enèji pou Kay nan nivo federal (Home Energy Assistance Program, HEAP) apati 12 Fevriye.

“Disponiblite finansman sa a pral ede kenbe moun New York ki pi vilnerab yo nan chofaj ak ansekirite pandan ivè sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York ap souffri konbinezon de (2) pwoblèm nan sezon sa a kote tanperati yo frèt epi pri enèji ap monte, epi mwen ankouraje tout moun New York ki elijib pou yo aplike pou asistans.”

Te genyen yon ogmantasyon 40 pousan nan demann pou asistans chofaj an ijans konpare a ane pase nan plizyè pati nan eta a ki ap konfronte tanperati ki frèt sansès pandan ivè sa a. Nòmalman, fanmi ki elijib kapab resevwa yon benefis HEAP ak yon benefis HEAP an ijans chak ivè si y’ap konfronte yon kriz enèji. Ane sa a, fanmi ki te deja resevwa yon benefis regilye ak yon benefis ijans pral kapab aplike pou sibvansyon adisyonèl. Fanmi ki ap konfronte posiblite kote yo te ka koupe yon sèvis piblik, oubyen manke kabiran pou chofaj san yo pa gen mwayen pou yo ravitaye ankò, pral vini elijib.

Kantite yon fanmi resevwa nan men HEAP depann de revni, tay fanmi an epi kijan yo chofe kay la. Yon fanmi ki gen kat moun ka touche jiska 53,482 dola chak ane epi yo toujou ka kalifye pou yo resevwa èd. Yon fanmi an nesosite ki chofe ak lwil epi kalifye pou yon benefis HEAP regilye ak de (2) benefis ijans te kapab resevwa plis 2,000 dola nan asistans total nan ivè sa a.

HEAP, ki sou sipèvizyon Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistans), se sistèm federal la ki finance li a 100 pousan. Y’ap aksepte aplikasyon pou HEAP nan depatman lokal sèvis sosyal yo an pèsòn oubyen sou telefòn. Ou ka jwenn yon lis biwo dapre konte yo [isit la](#).

Anplis sibvansyon ki disponib pou asistans chofaj, yo te ofri 14.4 milyon dola nan sibvansyon federal HEAP bay Otorite Rechèch Enèji ak Devlopman nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pou akòde sèvis entanperizasyon bay plizyè milye fanmi adisyonèl, atravè EmPower New York. Sèvis sa yo ka redwi kantite enèji ki nesèsè pou chofe yon kay, redwi konsomasyon enèji, pandan y'ap minimize enpak depans kabiran ki wo pandan ivè an. Plis enfòmasyon, sa enkli sou ki jan pou aplike, disponib [isit la](#).

Komisyonè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Samuel D. Roberts te deklare, “Gen anpil fanmi k’ap travay di nan New York ki, san asistans adisyonèl sa a, tap ka twouve yo san pyès sipò nan yon sitiyasyon ijans. Sa reprezante yon koudmen vital pou potansyèlman plizyè milye moun New York, anpil nan yo seryezman an danje pandan ivè sa a”.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Nou ankouraje moun ki pi vilnerab a pri k’ap monte pou chofe yon kay nan ivè sa a pou pwofite de asistans eta a mete disponib bay yo pou asire yon kay ki cho epi konfòtab. Rann kay yo pi efikas nan konsomasyon enèji se yon priyorite nan pwogram anbisyè sou kesyon enèji Gouvènè Cuomo a pandan n’ap chache ede rezidan ak biznis atravè eta a redwi depans enèji yo ak emisyon kabòn”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)